

*Mas - Avril 2009*

## Yon Pwofesè Mwen Sonje

Te gen yon sèl pwofesè ki te reyèlman kite yon enpresyon dirab sou lavi mwen. Poukisa? Paske li te renmen nou. Li te renmen nou tout ak yon vrè renmen. Yon renmen ki te gen pasyans ak bonte.

Yon bagay li te toujou fè se te pataje ri li ak nou. Nou pa t' ri tout tan, men li te souvan pataje kè kontan li ak nou. Nan yon fason oubyen yon lòt li pa t' janm kite ri nou depase limit men nou te toujou kontiye nan leson nou ak plis enèji.

Diran rekreyasyon li te jwe tankou si li pa t' kapab fè anyen ki ta kapab pi amizan. Li pa t' janm trennen ak jwèt nou tankou si yo te jwèt fatigan oubyen jwèt timoun. E li te toujou san patipri! Si nou te triche oubyen moke, yon rega tristès mele ak fatig te plen je li yo. Mwen sonje sa byen!

Yon ensidan mwen pa kapab bliye se te lè li te kenbe mwen nan rekreyasyon e mande mwen poukisa mwen te bay yon tèl blag vilgè devan tout timoun yo. Li pa t' akize, li pa t' egzije ni reprimande, li te sèlman mande. E apre sa li te esplike poukisa mwen pa t' dwe fè sa e mande si mwen ta eseye pa janm di bagay konsa ankò. Lè li t'ap pale a je li yo te plen ak yon rega mwen pa t' kapab konprann lè sa a, men kounyeya mwen konnen se te renmen ak sousi.

Sou esplikasyon leson yo oubyen sou pratik reyèl ansèyman an, mwen pa kapab sonje si li te reyèlman abil. Sepandan, tout sa li te fè te rann atmosfè a yonn kote nou te santi nou alèz. Nòt mwen te vin pi bon pase ane anvan yo.

Li pa t' pafè. Men kilès ki pafè? Mwen kwè rezon mwen pa kapab bliye li se akòz renmen sensè li. Lè ou bay renmen ou resevwa renmen. Pwofesè prefere mwen an pa t' totalman pafè, ni li pa t' espesyalman abil. Li pa t' kapab kouri vit oubyen fè bèl desen men nou menm etidyan sa pa t' fè nou anyen. Se pa t' sa ki te fè nou renmen li. Se te paske li te renmen nou anvan e li pa t' pè montre sa. Nou te renmen li tou. Mwen pa kapab imajine li te pale sou nou ak zanmi li yo nan yon fason derespektan. Li te fidèl e tann. Ane lekòl nou an te dirije ak yon vrè renmen kretyen.

Atik sa a sòti nan Blackboard Bulletin, Sept. 2008  
Pathway Publishers  
Itilize avèk pèmisyon

# WÒCH SA YO

## “KISA WÒCH SA YO VLE DI POU NOU?” JOZYE 4:6

Janice Brubaker

### Tikwaz

“Fòk sa a se tikwaz,” Leya te anonse, pandan li te kenbe yon ti wòch vèt nan yon men e li yon etikèt nan lòt la. “Plis li ble, se plis li gen kwiv ladan li; plis li vèt, se plis li gen fè. Endyen Navajo yo bay tikwaz anpil enpòtans e fè bijou ak li.”

“Se li menm mwen te goute pou wè si li te sèl,” Dodi te remake. “Li reyèlman pa sanble ak bijou. Men mwen pa panse yo ta vann bon kalite tikwaz pou koleksyon wòch,” li te ajoute, pandan li te pran wòch la nan men Leya e kouri dwèt li sou tach nwa takte vèt yo.

“Souvan mwen panse sou mizè Navajo yo te pase anba men gason blan yo,” Pwofesè Elèn te di. “Yo te deja ap fè elvaj mouton nan lane 1600 yo, e nou ta panse kolon blan yo ta kapab respekte teren yo, men non, okontrè yo te fè pwòp elvaj pa yo, egzakteman sou pwopriyete Navajo yo. Bò mitan rive fen lane 1800 yo mwen panse te gen ase batay konsènan sa ke lame Ameriken an te antre ladan yo e detwi fèm Navajo yo e fòse yo mache plizyè santèn kilomèt al nan Nouvo Meksik kote yo te fèmen yo nan prizon nan yon fò. Finalman yo te dakò deplase al nan zòn rezeve a. Plizyè milye Endyen Navajo yo te mouri nan ‘Long Mach’ la.”

“Sa sanble ak sa yo rele Chemen Dlo nan Je a pou Endyen Chewoki yo,” Leya te di. “Men poukisa nou raman tande pale konsènan ‘Long Mach’ la? Poukisa òdinèman nou asosye bèl tisaj e bijou tikwaz ak Endyen Navajo yo?”

“Se posib se paske sa te rive lontan nan pase a.”

“Wi.” Pwofesè Elèn te fwote wòch tikwaz la. “Natirèlman nou pa kwè nan pote bijou, men mwen renmen panse ke chak moun kapab pran yon pase mizerab e chanje li, fè li tounen yon bagay bèl e itil, tankou tisaj ak bijou Navajo yo.”

### Tankou Owenn.

“Konsa,” Pwofesè Elèn te panche dèyè nan chèz li. “Nou panse nou va gen yon nouvo elèv pou mwen rive septanm.”

Tit Chowaltè te panche devan prèt pou pale, men madanm li Estè te pran devan li, figi li limen ak espwa. “N’ap espere e priye! Ou wè,” li te ajoute, “lè nou te jwenn nou p’ap kapab janm gen pwòp pitit pa nou nou te chache pou adopte yonn oubyen de bebe. Men ajans lan te di nou bebe yo gentan adopte vit, men yo byen gen yon ti gason pèsonn pa vle.” Vwa li te ezite. “Mwen pa kapab imajine genyen moun pèsonn pa vle—okenn

kote!”

“Li se yon bèl ti gason,” Tit te ajoute, “men li pase mizè nan deplase al nan men twòp fanmi k’ap eseye okipe li. Konsa li te kòmanse ajì di e sevè pou konble vid santiman ansekirite li. Li pa sonje manman e papa li yo, men li konnen yo te abandone li e sa fè li mal.”

“Li gentan genyen kèk senmenn nan men nou?” Pwofesè Elèn te mande.

Tit te sekwe tèt li. “Peryòd lindemyèl la kòmanse pase!” Li te souri, men Pwofesè Elèn te konnen ke dèyè souri sa a te gen yon richès lamou pou ti pitit la yo te deja pran nan kè yo.

“Èske ou panse li va bay traka lekòl?” li te mande.

“Sètènman!” Tit te panche devan. “Se sou sa nou te reyèlman vle pale ou. Ou konnen ke adopsyon an li menm pa va finalize pou omwens sis mwa oubyen pi lontan. E toutotan Owenn se yon òfelen sou kont Leta, yo pa va pèmèt nou itilize pinisyon kòporèl.”

“Owenn! Sa se yon non ansyen!”

“Wi, sanble non ansyen yo ap tounen. Sa ki ansyen vin nouvo.”

“Men pou retounen nan kesyon disiplin nan, pou di ou verite, mwen pa ta ankò kale li, menm si mwen te gen otorite pou fè sa. Yo te pouse li sou kote, neglije li e rejte li twò anpil fwa. Li bezwen santi li ansekirite. Bon sekirite.”

“N’ap itilize metòd izolman,” Estè te di. “Li abitye ak li, e sa mache ase byen. Mwen panse ou kapab fè sa isit nan lekòl la, tou. Natirèlman, nou pa gen mo final la sou voye li nan yon lekòl prive, men ajan sosyal la te panse sa ta bon.”

“Si li gen yon kriz kòlè, ou va bezwen kenbe li,” Tit te di. “Senpleman kenbe li osi fò ke ou bezwen, pou metrize li. Sa anpeche li frape moun ki bò kote li, anplis sa montre li kilès ki chèf la.”

Estè te souri yon jan dwòl. “Mwen konnen n’ap mande ou anpil bagay, e mwen espere nou kapab kontwòle pifò kriz kòlè yo lakay, men se prèske sèten li va teste ou tou finalman.”

E konsa Owenn te antre nan lavi Pwofesè Elèn.

Tankou Tit ak Elèn te di davans, Owenn te yon ti gason chaman, aparaman byen adapte nan kòmansman, e li te antann li byen ak lòt elèv premye ane yo. Li te gen avantaj konnen Anglè pi byen, e paske li te asiste klas jaden danfan diran yon ane, li te lejèman avanse akademikman. Sepandan, paske li te aktif anpil, Owenn te jwenn sa difisil pou chita trankil e konsantre, sa ki te

fè li fini leson li yo nan anviwon menm vitès ak kamarad klas li yo. Etone devan nivo enèji li, Pwofesè Elèn te trase liy ak krè kote ban elèv premye ane yo e tou devan tablo yo. “Zòtèy ou yo dwe sou mak sa a lè nou kanpe,” li te pase lòd, apre sa kache souri li yo pandan Owenn te kenbe zòtèy li yo fidèlman sou liy la men ap vire e tòde rès kò li.

Pwofesè Elèn te konnen peryòd lindemyèl la te fini jou li te tandè rele sou teren jwèt la mwens pase de minit apre li te voye timoun yo nan rekreyasyon, e, lè li te kouri sòti, te bezwen rale yon ti gason ki te debòde, ap tire kout pye, tire kout pwen sou kamarad klas etone li, ki te prese rekile osito li te libere.

“Li te takle mwen!” Owenn te kriye. “Li te fè espere pile mwen! Kite mwen ale! Mwen prale . . .” Li te rele byen fò e long e lite pou libere tèt li anba men fèm Pwofesè Elèn.

“Ale kòmanse jwèt la,” li te di timoun etone yo ki te rasanble fè yon sèk. “Ilda,” li te di sèl ti fi uityèm ane a, pandan li te gade li nan je, “ou responsab jistan mwen retounen.”

Ilda te sekwe tèt li, e kòmanse dirije timoun yo ale sou teren jwèt la pandan Pwofesè Elèn te leve Owenn, e pote li antre nan sal klas la. La li te chita nan chèz li dèyè biwo pwofesè a, ak bra li yo vlope otou Owenn nan yon anbrasad sere ke li te espere tradwi lamou li pou li menm pandan l’ap metrize li, e tann.

Owenn te rele pou dis minit san rete. Pwofesè Elèn t’ap kontwole lè a, pandan li t’ap mande tèt li ki jan bwat vokal li ta kapab sipòte. Lè finalman li te chanje e kriye yon fason nòmal, Pwofesè Elèn te fè ti lache bra li, e kòmanse chante dousman: “Jezi renmen m’, mwen konn sa, Paske Bib la di mwen sa, Timoun yo se pou li, Nou fèb men li fò.” Ankò e ankò li te chante jistan li te santi kò rès li te rilaks lantman nan bra li yo.

Lè finalman li te gen òkèt e fwote je li yo, Pwofesè Elèn te kòmanse pale. “Ou pa dwe frape lòt moun nan lekòl sa a. Ou dwe chita sou chèz la nan kwen an pou dis minit kòm pinisyon. Dakò?”

Owenn te sekwe tèt li dousman e rale desann sou kwis li e ale laba nan chèz la pandan Pwofesè Elèn te kontwole lè a sou kwonomèt la. Pandan li te gade deyò nan fenèt la, li te wè ke jwèt lòt elèv yo t’ap fè te sanble ap mache byen, konsa li te ranmase yon pil liv pou kontwole pandan Owenn te nan pinisyon li. Kounyeya lè premye kriz la te prèske fini, Pwofesè Elèn te santi tranbleman nan jenou li yo e chita rapidman. Men li yo te tranble. Premye x wouj li te fè sou travay elèv yo li t’ap korije te sanble ak sa yo ki te nan lèt Grangrann anvan li te mouri. Men li te tèlman tranble.

Lè kwonomèt la te sonnen, Owenn te pran men Pwofesè Elèn e yo te sòti deyò pou eskize ti gason malere a ke Owenn te eklate kòlè li sou li. Eskiz te fèt,

Owenn te kouri al jwe ak bon san li antyèman restore. Piske lindemyèl bon kondwit li te ofisyèlman kraze, Owenn te prezante li pou wè si nouvo pwofesè li sa a ta renmen li nan pi move moman li. Apremidi sa a menm li te lage kò li atè, ap tire pye e rele, lè Pwofesè Elèn pa ta kite li ekri ak yon krè woz sou tablo a.

Ankò, Pwofesè Elèn te ranmase li e kenbe li di, ak espwa ke sa pa ta dire lontan. Li te chita dèyè sal klas la fwa sa a, e espere ke chak moun ta kapab degaje yo pou kont yo pou dis oubyen kenx pwochen minit yo. Petèt li ta kapab voye Ilda ede kèk nan timoun pi piti yo si sa ta rive. Se te yon bon bagay ke Tit ak Estè te pase lakay tout paran yo anvan lekòl te ouvri pou fè tout moun konnen kisa pou yo espere. Pwofesè Elèn te konnen timoun yo te santi kè yo fè yo mal pou Owenn. Yo pa t’ kapab imajine fason li te oblije pas tan kay plizyè fanmi san paran tankou li te fè, e yo tout te prepare pou ba li tout sa yo te kapab.

Kanmenm, se te yon bagay pou swete li byen e yon lòt afè pou travay sou leson yo pandan Owenn t’ap kriye dèyè sal klas la. Pwofesè a te panse tout moun te fè yon soupi soulajman lè Owenn te gen òkèt e te konmanse chita trankilman sou kwis pwofesè Elèn. Li te ba li yon ti bo rapid pou rasire li, apre sa di li kalmeman ke li dwe obeyi pwofesè a. Paske li pa t’ obeyi, li te dwe chita sou chèz la nan kwen an pou dis minit. Nan disponizyon penitan li ankò, Owenn ak dousè te pran izolman li, apre sa tounen nan ban li e vin yon elèv modèl pou rès jounen an.

Nan demen Pwofesè Elèn te gen yon ti konvèsasyon ak Ilda nan premye rekreyasyon an. “Nou pa konnen konbyen tan faz sa a va dire, men li va sètènman diminye lè Owenn finalman reyalize ke nou tout vrèman renmen li e nou p’apral voye li ale pou okenn rezon.”

Li te poze. “Mwen konnen sa ap mande ou anpil efò, Ilda, men èske ou panse ou kapab asistan mwen chak fwa Owenn genyen yon kriz kòlè? Mwen te apresye fason ou te dirije jwèt la yè. E kapab gen moman pandan lekòl kote mwen va bezwen ou reponn kesyon pou ti piti yo. Èske ou panse ou kapab fè sa?”

Ilda te sekwe tèt li. “Sètènman, mwen ta renmen fè sa. Mwen panse mwen ta renmen vin yon pwofesè yon jou nenpòt fason. E mwen santi mwen regrèt anpil pou Owenn. Mwen panse kèk nan nou ta kriye tou si nou pa t’ gen okenn fanmi pou renmen nou.”

Pwochen defi a te vini anvan manje midi lè elèv premye ane yo t’ap pratike ekriti yo. Pwofesè Elèn te montre yo sou tablo a kòman fè m, apre sa voye yo sou ban yo pou ranpli yon paj antye ak m. Nan kòmansman, tout bagay te byen, men anvan lontan Pwofesè Elèn te tandè bri yon kreyon ki t’ap frape bwa a. Tòk! Tòk! Tòk!

Apre sa te vini bwi papye yo ki t’ap chifonnen pandan Owenn t’ap peze papye ekriti li, fè li tounen yon boul. Li te vize poubèl la e lanse misil li a, jis nan

moman Pwofesè Elèn te rive kote li. Li te kenbe men leve li, e rale li sòti sou ban li, e di byen fèm: “Izolman, Owenn.” Li te gide li nan chèz la, ak krent ke nan nenpòt moman li ta kapab genyen yon kriz kòlè, men li te senpleman rete nan chèz la ansilans, ap gade pandan pwofesè a ap fikse kwonomèt la. Lè li te sonnen, pwofesè a te gade li nan je e mande: “Èske ou pare pou travay byen sou papey kounyeya?”

Li te sekwe tèt li e kòmanse travay ak yon gwo enèji sou nouvo papey pwofesè a te lonje ba li, lè li te lonje li remèt ak yon souri triyonfan lè li te fini.

E se konsa jou lotòn yo te pase, yonn apre lòt, ki te souvan gen yonn oubyen de kriz kòlè Owenn. Lotòn te pase antre nan livè e Pwofesè Elèn te okipe ap prepare kanè mwaye trimès yo, ke paran yo ta remèt olye timoun yo, pou bay chak moun yon chans pou diskite kòman bagay yo t’ap mache.

Pwofesè Elèn te enterese patikilyèman nan rankontre ak fanmi Chowaltè ankò. Kisa yo t’ap panse kounyeya?

“Owenn reyèlman renmen pwofesè li!” Estè te rapòte ak yon souri, pandan li te kenbe men wouj frèt li yo pre rechò bwa a nan sal klas la.

“Malgre tout bagay?” Pwofesè Elèn te mande tèt li byen sèk.

“Mwen panse okontrè se akòz tout bagay,” Tit te ajoute. “Mwen panse ou fè byen nan kenbe fèm ak li, nan egzije li kondwit apwopriye, e poutan montre li ke ou renmen li.”

“Mwen vrèman renmen li,” Pwofesè Elèn te di. “Malgre pwoblèm li yo, li se yon ti gason chaman anpil. Men mwen pa janm konnen reyèlman si m’ap fè okenn byen.”

“Mwen konnen!” Estè te sekwe tèt li ak gwo emosyon. “Lè ou nan mitan twazyèm oubyen katriyèm sesyon pou jounen an, sa fè ou tèlman fatige ke ou prèske pa kapab panse.”

“Mwen te panse mwen ta kapab abitye ak sa,” Pwofesè Elèn te admèt, “men mwen te jwenn ke menm si sa rive souvan, mwen te toujou gen jenou mwen yo fèb e ap tranble apre sa.” Li te ri enpe e ajoute: “Men mwen toujou eseye fè vwa mwen klè e jwaye pou li, paske yon fwa kriz la pase, li pa bezwen pwoblèm yon lòt moun!”

“Ou menm chè pwofesè!” je Elèn te plen ak dlo sanzatan. “Mwen konprann egzakteman sa ou di. Ou merite yon meday!”

“Pa plis pase ou, “Pwofesè Elèn te di. “Se ou menm ki ba li yon fanmi emab.”

Tit te netwaye gòj li. “Aa, èske ou kapab di nou anviwon depi kilè li te gen dènye kriz, isit nan lekòl la?”

“Mmm. Dènye a dwe se lè mwen pa ta kite li fè pwent kreyon li paske mwen te panse li te toujou fèt ase. E sa se te—kite mwen gade nan liv plan mwen. Sanble se senpleman lòt jou, men petèt se te pi lontan sa.” Li te fèyte yon kantite paj. “Oo, men li. Jou 20 novanm.” Li te

gade kalandriye a. “Mezanmi, sa se prèske twa senmenn pase!”

Tit te souri. “Sa sanble pwogrè! Èske ou te gen rapò sa a anvan sa?”

“Annou gade. Isit—non, se te pwoblèm yon lòt moun—mm, dakò, men li. Se te yon senmenn e demi anvan 20 novanm e sa a se te konsènan jwèt nan rekreyasyon. Li pa t’ anvi sa, konsa li te genyen yon kriz kòlè.”

“Mèveye! Sa se bon nouvèl!” Vwa Tit te kraze, e Pwofesè Elèn te konnen yo te renmenn Owenn kòm pwòp pitit yo. “Lè ou panse konsènan sòti nan de oubyen twa kriz chak jou, pou yonn chak de oubyen twa senmenn, . . .”

“Mwen panse ou gen rezon,” Pwofesè Elèn te di dousman. “Mwen te jis pa t’ pran tan pou wè sa pou tèt mwen. Èske se konsa sa ye lakay, tou?”

Tit e Estè te sekwe tèt yo. “Ajan sosyal la te vizite yè, e li kontan anpil ak fason sa prale,” Estè te di. “Mwen panse yo pare kounyeya pou finalize plan adopsyon an, kounyeya yo wè sa ap mache pou Owenn.”

“Mwen tèlman kontan!”

Yo twa a te chita la ansilans pou yon minit. Apre sa Tit te fè yon ti ri. “Mwen konnen nou ankò ase nouvo nan travay paran sa a, men mwen panse nan yon reyinyon konsa nou sipoze jwenn nan men pwofesè a kòman nou kapab ede pitit gason nou an aprann pi byen lekòl. Oubyen yon bagay konsa.”

Pwofesè Elèn te ri tou. “Petèt pwochen fwa! Mwen panse nou tout kontan ak pwogrè ki fèt jiskisi. Annou espere e priye pou sa kapab kontinye.”

“Sa te fèt,” li te di Leya e Dodi, pandan li te kenbe ti tikwaz vèt la nan limyè a nan fenèt la. “Owenn finalman te sanble lage pase trist li a, pou anbrase nouvo lavi ere li te gen ak fanmi Chowaltè a. Rive prentan, kriz kòlè li yo te sispann antyèman, malgre mwen te toujou ap itilize chèz izolman kèkfwa.”

Pwofesè Elèn te lonje tikwaz la bay Leya. “Petèt bagay pi espesyal la konsènan premye ane sa a ak Owenn se te nan mwad me a, lè li te envite mwen vini nan seremoni adopsyon li nan tribinal la. Mwen te santi mwen onore anpil.”